

S.A.F.E.

Senior **A**nti-**F**raud **E**ducation

Senior = *Granmoun Aje*

Anti = *Anti*

Fraud = *Fwod*

Education = *Edikasyon*

Rekonèt yon zak malonèt anvan ou vin yon viktim nan fwod



**Division of
Consumer Protection**

Defans ak Otonomizasyon konsomatè New York

Yon Divizyon Depatman-Deta New York (New York Department of State)

Vin yon granmoun aje entèlijian

Granmoun aje yo se sib zak malonèt fwod kont konsomatè yo twò souvan. Mètdam yo atake granmoun aje yo, yo konsidere kòm moun ki frajil ak sèl moun ki viktim fasil epi ki gen lajan kach disponib fasil. Li enpòtan pou abitye ou avèk kalite aktivite malonèt sa a pou pwoteje tèt ou pou pa vin yon viktim. Men sis zak malonèt ki pi komen kont granmoun aje ki egziste ak kèk ti konsèy pou ede ou rete pwoteje.

* * * * *

• Zak Malonèt avèk Aparèy Medikal

Granmoun aje yo te rapòte yo resevwa mesaj ki anrejistre davans sanzatan, ki rele “robocalls,” pou ofri yo aparèy pou alèt medikal, ansanm avèk kupon pou ekonomize lajan. Lè yo reponn, mesaj la ankouraje konsomatè yo peze 1 pou yo resevwa yon aparèy gratis depi yo bay yon adrès ak enfòmasyon sou kat kredi yo. Si konsomatè a peze 1 sa ap mete li an kontak avèk yon operatè an dirèk, ki itilize taktik laperèz pou jwenn enfòmasyon pèsònèl ak finansye nan men konsomatè a. Mesaj la ofri souvan chwa pou peze yon lòt nimewo pou pa resevwa kouffil pidevan. Men, si konsomatè a peze nimewo a, sa ap alèt mètdam yo nan yon nimewo telefòn ki fonksyone, epi yo kapab itilize nimewo a pou fè zak malonèt pidevan.

• Aksyon Malonèt kont Granparan

Mètdam sa yo rele oswa imèl granmoun aje yo pou mande yo lajan. Yo pran pòz yo se moun pa ki gen yon kalite pwoblèm epi ki bezwen lajan kach. Souvan, yo fè koutfil yo nan mitan lannwit, yon fason pou granmoun ki reponn telefòn nan ka dezoryante. Magouyè sa yo sanble fasil pou kwè paske yo vin sofistike nan jwenn ak itilize enfòmasyon pèsònèl nan medya sosyal ak rechèch sou entènèt. Nan kèk ka, mètdam yo fè konnen yo se yon ofisye lapolis, yon avoka, oswa yon doktè ki rele sou non manm fanmi ki gen pwoblèm nan. Nan tout ka yo, mètdam yo mande pou yo voye lajan ba yo imedyatman epi anjeneral nan yon transfè lajan.

• Zak Malonèt Ghosting

“Ghosting” se yon fòm vòl idantite. Vòlè idantite yo jwenn enfòmasyon pèsònèl sou moun ki mouri nan avi lanmò moun, ponp finèb, lopital, sètifika lanmò yo vòlè, ak sitwèb sou entènèt. Lè yo gen enfòmasyon yo, sitou nimewo Sekirite Sosyal, yo itilize enfòmasyon yo pou jwenn kredi epi pou louvri kont, pran lajan prete, resevwa avantaj, oswa menm touche ranbousman lajan taks avèk idantite yo vòlè a. Manm fanmi moun ki mouri yo pa responsab pou frè ki dwe peye akòz kalite vòl idantite sa a toutotan non yo pa sou kont yo vòlè a. Sonje, li enpòtan pou fè Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) konnen yon ka lanmò.

• Zak Malonèt nan Sèvis Jiri

Mètdam sa yo, ki fè konnen yo se ofisye lapolis oswa ofisyèl tribinal, kontakte moun yo pou fè yo konnen yo pa t prezante pou sèvis jiri. Kòm yon konsekans, yo mande viktim yo pou peye yon amann avèk kat kredi pou evite arestasyon yo. Nan anpil ka, lè viktim yo fè moun ki rele yo konnen yo pa t resevwa okenn enfòmasyon sou sèvis jiri, moun ki rele yo fè yo konnen responsablite yo avèk ensistans pou prezante pou sèvis jiri kit yo te resevwa yon avi kit yo pa t resevwa youn. Mètdam yo fè presyon sou viktim yo tou pou viktim nan ba yo enfòmasyon pèsònèl, tankou nimewo sekirite sosyal ak dat nesans yo, epi yo kapab itilize enfòmasyon sa yo pou vòl idantite oswa lòt aktivite malonèt.

• Zak Malonèt avèk Avi pou Antèman (Funeral Notification)

Zak malonèt avèk “funeral notifications” gen ladan imèl, ki gen ladan liy sijè “funeral notification,” pou fè moun ki resevwa imèl la konnen yon seremoni orevwa ki pral genyen pou sonje yon zanmi oswa yon moun pa yon fason pou twonpe li. Imèl sa yo sanble soti nan ponp finèb valab epi yo bay moun ki resevwa yo enstriksyon pou klike sou yon lyen pou yo jwenn “plis enfòmasyon detaye.” Lyen an voye viktim yo nan yon sitwèb endepandan kote li telechaje malware, oswa “lojisyèl malveyan”. Lojisyèl sa a lakòz dega nan òdinatè a epi li pèmèt mètdam yo jwenn enfòmasyon nan òdinatè itilizatè a, answit yo kapab itilize enfòmasyon yo nan aktivite malonèt. Si ou resevwa yon imèl konsa, efase li imedyatman.

• Zak Malonèt avèk Lotri

Anpil lotri, malerezman, anba kontwòl magouyè k ap chèche jwenn enfòmasyon pèsonèl ou oswa k ap antre nan kont ou yo. Mètdam sa yo tante konsomatè yo avèk anpil kalite òf prim epi answit yo mande pou konsomatè yo bay yo enfòmasyon pèsonèl yo oswa pou yo peye yon frè pou antre nan lotri a. Zak malonèt ki pi komen yo sible granmoun aje yo, ki peye frè sipoze a epi ki resevwa fo chèk prim lotri a, epi yo depoze fo chèk yo nan kont labank konsomatè a. Malerezman, labank rejte chèk yo paske yo fo. Pandanstan, magouyè yo pran lajan yo resevwa pou frè oswa taks sou prim yo. Sonje, ou pa janm peye frè pou patisipe nan lotri valab.

• Zak Malonèt Moun ki Fè Tèt yo Pase pou IRS

Montre ou vijilan nan zak malonèt “pyèj”, youn nan zak malonèt ki pi sofistike jiska prezan. Sa vle di, dapre Depatman Finans Piblik (Internal Revenue Service, IRS), yo sible omwen 20,000 kontribiyab. Lè mètdam nan telefòn sa yo fè konnen yo se ajan IRS, yo reklame peman imedyat taks viktim yo dwe nan kat debi oswa transfè lajan pou evite lapolis arete yo. Mètdam sa yo ka menm konnen kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal yon viktim. Answit, viktim yo rapòte mètdam yo kontakte yo ankò nan imèl apre yon kouffil. Si ou resevwa yon kouffil ou pa t espere nan IRS, li pi sanble ak yon

zak malonèt. Anpil fwa li difisil pou detèmine si koutfil la se yon zak malonèt, men sonje, anjeneral IRS voye avi anvan pou nenpòt aksyon pa lapòs epi yo pa janm mande peman imedyat nan telefòn. Si ou pa byen konnen, fèmen telefòn nan epi rele avèk yon nimewo IRS fè reklame sou yon sitwèb gouvènman oswa nan anyè telefòn: 1-800-829-1040.

• Zak Malonèt avèk Sibvansyon Gratis

Pran prekosyon nou avèk sibvansyon yo pwomèt ou alekri oswa nan telefòn. Nan yon ka, yo fè reklam sibvansyon gratis nan seksyon klase jounal ak magazin. Reklam nan fè konnen lektè yo kalifye pou resevwa sibvansyon gratis pou peye pou nenpòt bagay, tankou reparasyon, depans pou kolèj, bòdwo yo dwe, oswa depans pou biznis nan kay. Nan lòt ka yo, moun yo rapòte yo resevwa koutfil yon moun ki fè konnen li se yon reprezantan yon ajans oswa òganizasyon gouvènman. Moun sa yo ki itilize non ki sanble ofisyèl epi yo pwomèt sibvansyon gratis paske taks yo te peye alè oswa paske yo kapab itilize sibvansyon an pou peye dèt yo. Yo tout swiv menm eskrip la - felisitasyon pou ou pou kalifikasyon ou epi answit yo mande ou enfòmasyon pèsònèl ou ak enfòmasyon finansye ou. Yo konfime non, adrès postal, epi answit yo mande non labank ou, nimewo kont ou, ak nimewo idantifikasyon bank ou, pou yo itilize sèlman pou yo pran lajan pou yon frè tretman dosye. Kèlkeswa metòd yo itilize a, reklamasyon an se menm - akseptasyon garanti pou aplikasyon ou ak pwomès ou p ap gen pou remèt lajan an. Sonje, sibvansyon yo ofri a se yon fwod. Mèt dam yo vle jwenn lajan ki sou kont ou sèlman.

Konsèy pou Prevansyon Zak Malonèt

- Fèmen telefòn nan san ou pa peye yon touch si ou resevwa yon kouffil ou pa t vle. Si ou pran kouffil la, sonje pou idantifye moun ki rele ak konpayi li reprezante a. Epitou toujou pran yon nimewo telefòn pou biznis lan.
- Pa janm bay enfòmasyon pèsònèl ou oswa enfòmasyon finansye ou nan telefòn. Sa gen ladan non ou, dat ou fèt, nimewo Sekirite Sosyal, adrès, ak nimewo Medicare.
- Kontakte konpayi telefòn ou pou bloke nimewo “robocall” yo. Evite peye pou sèvis blokaj yo paske nimewo robocall ki parèt sou ID moun ki rele a chanje souvan.
- Enstale yon lojisyèl baryè ak anti-viris/anti-espion pou pwoteje kont imèl ou pou mètdam pa itilize yo. Epitou kenbe tout lojisyèl ou ajou.
- Pa louvri atachman etranje oswa nenpòt imèl ki sanble sispèk. Pafwa atachman yo gen pwogram ki pèmèt mètdam yo antre nan òdinatè ou.
- Evite mete dat nesans, non jèn fi, oswa lòt idantifikatè pèsònèl moun pa ou yo nan anons lanmò, paske enfòmasyon sa yo ap itilize pou vòlè idantite yo.
- Pa klike sou fichye oswa pa louvri yo nan imèl ou pa abitye resevwa pou evite telechaje lojisyèl malveyan endezirab.
- Pa reponn pou prim lotri garanti epi pou peye pou sa.
- Anjeneral IRS kontakte ou anvan sou taks ou pa peye nan sèvis lapòs Etazini, jamè nan telefòn oswa imèl.

- IRS pa janm mande peman avèk yon transfè lajan oswa kat debi ki peye davans.
- Rele IRS dirèkteman nan nimewo 800-829-1040 si ou panse ou ka dwe taks.
- Pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou depi ou konsève yo na yon kote ki pwoteje ak an sekirite. Pa kenbe nimewo kont oswa done enpòtan nan bous fanm, bous gason, oswa smatfòn.
- Sonje koutfil yo kapab twonpe ou. Kounye a mètdam yo itilize teknoloji sofistike pou manipile kòd rejyonal yo nan sistèm ID moun ki rele yo.
- Pa peye lajan pou yon sibvansyon gouvènman “gratis”. Nenpòt lè yo mande ou pou fè yon peman pou resevwa yon sibvansyon gouvènman, se yon zak malonèt.
- Pa janm fè transfè lajan oswa pa janm peye pou yon pwodui oswa sèvis avèk mònè-òdè. Si biznis lan valab, l ap aksepte yon kat kredi oswa yon chèk labank. Sa ap pèmèt ou gen posiblite pou sispann peman an.
- Pa janm peye avèk lajan kach oswa pa janm bay peman nèt pou travay amelyorasyon kay ou anvan travay la fini. Yon kontraktè ki valab ap aksepte ti peman davans pou fè nenpòt pwojè amelyorasyon kay epi li p ap mande ou tout lajan an davans.

S.A.F.E.

Senior Anti-Fraud Education

Rekonèt yon zak malonèt anvan ou vin yon viktim nan fwod

Si ou se yon viktim nan yon zak malonèt:

- Rele lapolis oswa biwo cherif lokal ou pou rapòte krim nan.
- Avèti vwazen yo ak òganizasyon kominotè yo pou prezans magouyè ki nan zòn ou.
- Kontakte Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection) sou sitwèb www.dos.ny.gov, Biwo Pwokirè Jeneral la (Attorney General's Office) sou sitwèb www.ag.ny.gov ak/oswa ajans pwoteksyon konsomatè lokal ou pou ou kapab avèti lòt moun yo epi ofri yo èd.
- Konsève yon dosye pèt lajan ou sizoka gen yon pouwit nan lajistis ak yon lòd pou remèt ou lajan ou.



Division of Consumer Protection

Defans ak Otonomizasyon konsomatè New York

Yon Divizyon Depatman-Deta New York (New York Department of State)

1-800-697-1220 www.dos.ny.gov



@nysconsumer



/nysconsumer